

BOCA RATON COMMUNITY HOSPITAL

Dat li anvigè: 14 avril 2003; Mizajou ak Amannman: 19 out 2008

800 Meadows Road, Boca Raton, FL 33486

Avi Konsènan Pratik Konfidansyalite

Avi sa a dekri fason yo kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou ak fason ou kapab genyen aksè nan enfòmasyon sa yo.

Tanpri revize avi a avèk atansyon

Boca Raton Community Hospital, Inc., ak founisè swen medikal afilye li yo [ki vle di, "Lopital la" ansanm; pa fwa ki asosye avèk "nou" (us) oswa "nou" (we) nan Avi sa a], pran angajman pou respekte konfidansyalite enfòmasyon medikal ki kapab idantifye ou pèsonèlman, epitou n ap itilize estanda konfidansyalite serye pou pwoteje enfòmasyon yo kont itilizasyon oswa divilgasyon ki pa otorize. Avi sa a ap ba ou enfòmasyon sou pratik konfidansyalite Lopital la ak sou sèten dwa ki disponib pou ou anba lalwa federal ak lalwa leta ki anvigè.

Rezime Règleman yo

Dapre lalwa, Lopital la genyen obligasyon pou aplike règleman ki deziyen pou asire konfidansyalite enfòmasyon medikal Lopital la transmèt oswa konsève ki kapab idantifye ou pèsonèlman. Avi sa a konsidere enfòmasyon sa yo kòm Enfòmasyon Medikal Pwoteje, oswa "**PHI**". Answit, Lopital la genyen obligasyon pou mete Avi sa a adispozisyon pou li kapab ba ou enfòmasyon sou:

- Règleman Lopital la konsènan fason li itilize ak divilge PHI ou; epi
- Dwa konfidansyalite ou ak lòt dwa parapò ak PHI ou, avèk tou dwa pou pote plent nan Lopital la oswa ba Sekretè Ministè Sante Etazini.

Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan Avi sa a oswa konsènan pratik konfidansyalite Lopital la, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite Lopital la nan nimewo 561-955-4191.

Dat li anvigè

Dat Avi sa a ak règleman ki dekri anba a anvigè se **14 avril 2003 ("Dat li Anvigè")**. Se règleman ki dekri nan Avi sa a k ap gouvène fason Lopital la itilize ak divilge PHI ou anvan ak apre Dat li Anvigè.

I. Fason Nou Itilize ak Divilge Enfòmasyon Medikal Pwoteje Ou

A. Itilizasyon ak Divilgasyon Ki Otorize San Konsantman oswa Otorizasyon Ou Lopital la otorize pou itilize ak divilge PHI ou san li pa jwenn konsantman oswa otorizasyon ou anrapò avèk sèten aktivite tretman, aktivite peman, fonksyonman swen medikal, ak lòt aktivite limite ki dekri anba a. Avi sa a dekri fason Lopital la ap itilize oswa divilge PHI ou nan sèten sikonstans.

(1) Tretman. Tretman se dispozisyon, kouwòdinasyon oswa kontwòl swen medikal ak sèvis asosye yo. Lopital la kapab itilize ak divilge PHI ou anrapò avèk pwòp aktivite li ki asosye ak tretman an, tankou tretman medikal dirèk ak aktivite ki asosye avèk kontinwite ak kouwòdinasyon swen ak rekòmandasyon pami Lopital la ak doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen medikal ki ofri ou tretman oswa konsiltasyon nan swen ou. Answit, Lopital la kapab divilge PHI ou ba lòt pwofesyonèl swen medikal ki ofri ou sèvis medikal. Pa egzanp, Lopital la kapab divilge enfòmasyon medikal ou ba doktè k ap ba ou tretman medikal.

(2) Peman. Peman genyen ladan, men pa sèlman, preparasyon ak soumasyon demand ak lòt mezi ki nesèsè pou resevwa peman pou sèvis swen medikal Lopital la oswa lòt pwofesyonèl medikal ofri ou (tankou faktirasyon, jesyon reklamasyon, aktivite pou resevwa peman, patisipasyon nan revizyon pou nesèsite medikal ak/oswa efikasite swen an, revizyon itilizasyon ak otorizasyon davans pou resevwa sèvis swen medikal). Lopital la kapab itilize oswa divilge PHI ou anrapò avèk pwòp aktivite li ki asosye avèk peman oswa anrapò avèk aktivite founisè swen medikal ou (yo), lòt konpayi asirans (yo) ak plan medikal ak lòt

enstitisyon ki asire ou. Pa egzanp, Lopital la kapab itilize PHI ou pou prepare ak soumèt reklamasyon pou Medicare, Medicaid oswa lòt peyè gouvènman ak peyè komèsyal twazyèm pati fè ranbousman.

(3) Fonksyònman Swen Medikal. Fonksyònman Swen Medikal genyen ladan pifò fonksyònman biznis Lopital la ki asosye avèk swen medikal oswa sèvis asosye. Yo kapab genyen ladan yo (a) revizyon kalite ak pwogram amelyorasyon; (b) revizyon kalifikasyon ak konpetans founisè swen medikal yo; (c) apwobasyon, klasman prim ak lòt aktivite ki asosye avèk kreyasyon oswa renouvèlman kontra asirans; (d) aktivite jesyon dosye; (e) sèvis legal ak odit; (f) planifikasyon ak devlopman biznis; epi (g) lòt biznis jeneral ak fonksyon administratif. Lopital la kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal pwoteje ou jan sa nesèsè pou Fonksyònman Swen Medikal li ak pou sèten fonksyònman lòt founisè swen medikal, plan sante ak lòt enstitisyon ki pwoteje ou. Pa egzanp, Lopital la kapab itilize PHI kòm pati pwosesis revizyon kalite li, pou konfime Lopital la ak founisè swen medikal asosye li yo ofri pi bon kalite swen pou oumenm ak lòt pasyan yo.

(4) Lòt Chwa pou Tretman; Benefis ak Sèvis ki Asosye. Lopital la kapab itilize enfòmasyon medikal ou yo pou kontakte ou pou fè w sonje randevou you epitou pou ba ou enfòmasyon sou (1) chwa posib tretman oswa lòt chwa pou tretman, oswa (ii) benefis oswa sèvis ki asosye ak sante epi ki kapab enterese ou.

(5) Aktivite Ranmasaj Lajan. Lopital la kapab itilize sèten pòsyon limite PHI ou tou pou kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan. Lè Lopital la ap kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan, li kapab pa itilize enfòmasyon ki diferan avèk (1) enfòmasyon demografik ou (non, adrès, laj, sèks, sityasyon asirans, ak lòt enfòmasyon kontak tankou imèl oswa nimewo telefòn) epi (ii) dat (yo) ou te swiv tretman nan oswa atravè Lopital la. Si ou pa vle resevwa kominikasyon konsènan aktivite ranmasaj lajan, tanpri kontakte Fondasyon Lopital la nan nimewo (561) 955-4142 oswa Responsab Konfidansyalite Lopital la nan nimewo (561) 955-4191, epitou n ap fè efò rezonab pou retire non ou nan fiti efò pou ranmasaj lajan yo.

(6) Itilizasyon ak Divilgasyon pou Lis Non Moun ki nan Lopital la. Lopital la kapab ajoute non ou, adrès ou nan Lopital la, eta sante jeneral ou ak afilyasyon relijye ou nan yon lis pasyan san li pa jwenn otorizasyon ou pou sa sof si ou pa dakò pou yo ajoute non ou nan lis la oswa si ou nan yon sèvis, anèks oswa inite espesifik, idantifikasyon an ta endike w ap swiv tretman pou (1) sante mantal ak andikap nan devlopman; (2) konsomasyon alkòl oswa dwòg; (3) VIH/SIDA; (4) tès jenetik; (5) abi ak neglijan sou timoun; (6) abi nan kay ak abi sou granmoun aje oswa (7) kadejak. Enfòmasyon ki nan lis la kapab divilge ba nenpòt moun ki mande pou non ou oswa ba manm legliz; men depi afilyasyon relijye ou ap divilge sèlman ba manm legliz la.

(7) Divilgasyon ba Manm Fanmi, Zanmi Pwòch oswa Lòt Moun k ap Pran Swen ou. PHI ou kapab divilge ba yon manm fanmi ou, lòt manm fanmi, yon zanmi pwòch pèsonèl oswa nenpòt lòt ou idantifye lè ou prezante pou divilgasyon an oswa lè ou disponib anvan divilgasyon an, si (1) nou jwenn konsantman ak enstwiksyon ou pou etabli yon ranplasan swen medikal anba Lalwa Leta Florid; (2) ba ou opòtinite pou fè konnen ou pa dakò avèk divilgasyon an epi ou pa fè konnen sa; oswa (3) yo kapab kwè ou pa fè konnen ou pa dakò pou divilge enfòmasyon yo.

Si ou pa la, oswa opòtinite pou dakò oswa pou pa dakò pou itilizasyon oswa divilgasyon an pa kapab fèt pratikman paske ou entatad oswa genyen yon sikonstans ijan, Lopital ak Pwofesyonèl Medikal yo kapab egzèse jijman pwofesyonèl pou detèmine si yon divilgasyon nan pi bon enterè ou dapre lalwa federal ak lalwa Leta Florid. Si nou divilge enfòmasyon yo ba yon manm fanmi ou, lòt manm fanmi oswa yon zanmi pwòch pèsonèl, Lopital la ak/oswa Pwofesyonèl Medikal yo kapab divilge sèlman enfòmasyon yo kwè ki enpòtan dirèkteman pou patisipasyon moun lan nan swen medikal ou oswa pou peman ki asosye avèk swen medikal ou. Nou kapab divilge PHI ou tou pou notifiye (ede nan notifikasyon) moun sa yo osijè kote ou ye nan lopital la oswa osijè eta jeneral sante ou. Answit, si nou pa kwè nan kapasite ou pran desizyon pou swen medikal ou oswa pou bay konsantman, doktè k ap trete w la dwe evalye kapasite ou, epi si premye doktè a konkli ou pa genyen ase kapasite, l ap antre evalyasyon an nan dosye medikal ou. Si doktè k ap trete w a la genyen yon kesyon konsènan mank kapasite ou, yon lòt doktè dwe evalye kapasite ou tou, epitou si dezyèm doktè a kwè ou pa genyen ase kapasite pou pran desizyon pou swen medikal ou oswa pou bay konsantman reflechi, Lopital la dwe antre evalyasyon toulède doktè yo nan dosye medikal ou. Si ou genyen yon ranplasan swen medikal ki deziyen oswa si ou genyen otorite delege pou pran desizyon pou swen medikal ba yon mandatè anba yon pwokirasyon dirab, Lopital la ak/oswa Pwofesyonèl Medikal yo ap ekri ranplasan oswa mandatè a pou fè li konnen otorite li anba dispozisyon an kòmansè, jan sa prevwa anba lalwa Leta Florid ki anvigè.

(8) Aktivite Sante Piblik. Nou kapab divilge PHI ou pou aktivite sante piblik sa yo: (1) pou rapòte enfòmasyon ba otorite sante piblik pou anpeche maladi gaye oswa pou kontwole maladi, domaj ak andikap; (2) pou rapòte abi ak neglijan sou timoun ba Depatman Leta Florid pou Sèvis Timoun ak Fanmi oswa ba lòt otorite gouvènman ki genyen otorizasyon pou resewva rapò sa yo dapre lalwa; (3) pou rapòte enfòmasyon sou pwodui ak sèvis ki nan jiridiksyon U.S. Food and Drug Administration; (4) pou alète yon moun ki ekspoze nan yon maladi kontajye oswa ki kapab an danje pou trape oswa pou gaye yon maladi oswa yon eta sante; epitou (5) pou rapòte enfòmasyon ba travay ou jan sa obligatwa dapre lalwa ki konsène maladi ak domaj ki asosye nan travay oswa siveyans medikal nan espas travay.

(9) Moun ki Viktim Abi, Neglijans oswa Vyolans nan Kay Nou kapab divilge PHI ou ba Depatman Leta Florid pou Sèvis Timoun ak Fanmi, Depatman Sèvis Imen Leta Florid oswa otorite gouvènman, epitou ba yon biwo sèvis sosyal oswa yon biwo sèvis pwoteksyon, ki genyen otorizasyon lalwa pou resewva rapò abi, neglijan oswa vyolans nan kay konsa si genyen yon konviksyon rezonab ki endike ou se yon viktim abi, neglijan, eksplwatasyon oswa vyolans nan kay.

(10) Aktivite Sipèvizyon Sante. Nou kapab divilge PHI ou ba yon biwo sipèvizyon sante k ap sipèvize sistèm swen medikal la, epitou ki genyen responsablite pou asire konfòmite avèk règ pwogram sante gouvènman tankou Medicare ak Medicaid.

(11) Pwosè, Pouswit Jidisyè ak Administratif. Nou kapab divilge PHI ou nan pwosesis yon pouswit jidisyè oswa administratif pou konfòme nou avèk yon lòd legal oswa lòt pwosesis legal. Answit, sof si genyen otorizasyon espesifik yon desizyon tribinal, nou kapab pa itilize oswa divilge PHI ou pou idantifye ou kòm yon moun ki resewva sèvis pwogram pou abi estipefyen si objektif la se pou kòmanse oswa pou jistifye nenpòt akizasyon kriminel kont ou oswa pou mennen nenpòt ankèt sou ou. Si nou resewva yon lòd legal, nou kapab divilge PHI ou pou konfòme nou avèk yon asiyasyon pou konparèt, demand dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal, ki pa vini avèk yon lòd tribinal oswa yon lòd tribinal administratif, si: (i) genyen bon asirans ki endike efò rezonab te fèt pou asire ou resewva avi demand pati k ap chèche PHI ou resewva li; oswa (ii) bon asirans ki endike efò rezonab te fèt pou jwenn lòd pwoteksyon nan men pati k ap chèche PHI la resewva li.

(12) Ofisyèl Lapolis. Nou kapab divilge PHI ou ba ofisyèl lapolis oswa ba lòt ofisyèl legal epitou ba nenpòt biwo administratif oswa biwo kontwòl, depatman an oswa lòt otorite gouvènman an ki genyen jiridiksyon sou founisè swen medikal oswa sou bilding lopital yo jan lalwa federal oswa lalwa Leta Florid egzije oswa pèmèt sa oswa annakò avèk yon lòd tribinal oswa yon asiyasyon pou konparèt devan yon gran jiri oswa yon asiyasyon pou konparèt nan yon tribinal administratif.

(13) Moun mouri. Nou kapab divilge PHI ou ba yon doktè lejis oswa yon doktè egzaminatè ki genyen otorizasyon lalwa.

(14) Ankourajman pou Fè Don Ògàn ak Tisi. Nou kapab divilge PHI ou ba òganizasyon ki fasilite don, akimilasyon oswa transplantasyon ògàn, zye oswa tisi.

(15) Rechèch. Nou kapab itilize oswa divilge PHI ou san konsantman ou oswa san otorizasyon ou jan lalwa Leta Florid otorize sa si yon Komite Etik Endepandan apwouve yon anilasyon otorizasyon pou divilgasyon enfòmasyon epitou si nou konfòme nou avèk egzijans lalwa Leta Florid.

(16) Sante oswa Sekirite. Nou kapab divilge PHI ou pou anpeche oswa diminye yon menas serye ak imedyat sou sante oswa sekirite yon moun oswa sou sante oswa sekirite piblik oswa jan lalwa Leta Florid egzije sa.

(17) Fonksyon Espesyal Gouvènman. Nou kapab itilize ak divilge PHI ou ba inite gouvènman ki genyen fonksyon espesyal =, tankou fòs lame Etazini oswa Depatman-Deta Etazini nan sèten sikonstans jan lalwa bay pèmisyon oswa otorizasyon pou sa.

(18) Konpansasyon Travayè. Nou kapab divilge PHI ou jan lalwa otorize sa epi nan limit ki nesèsè

pou respekte lalwa Leta Florid konsènan konpansasyon travayè oswa lòt pwogram sanblab.

(19) Jan Lalwa Egzije sa. Nou kapab itilize ak divilge PHI ou lè nenpòt lwa ki pa endike nan kategori anvan yo fè egzije nou pou fè sa.

B. Itilizasyon ak divilgasyon ki egzije otorizasyon alekri. So si genyen endikasyon kontrè nan Avi sa a, itilizasyon ak divilgasyon PHI ou ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri. Si ou anile otorizasyon ou, Lopital la ap sispann itilize oswa divilge PHI ou apre nan manyè ki dekri nan otorizasyon an.

(1) Maketing. Nou dwe jwenn Otorizasyon ou anvan nou itilize PHI ou pou voye nan nenpòt dokiman maketing oswa anvan nou itilize PHI ou pou demand oswa maketing lavant machandiz oswa sèvis. Maketing pa genyen ladan kominikasyon sou pwodui ki asosye ak sante, sèvis, dosye oswa kouwòdinasyon dosye, oswa tretman Lopital la ofri ou oswa kominikasyon pou dirije ou oswa pou rekòmande pou lòt tretman, terapi, ba founisè swen medikal oswa nan anviwònman swen pou moun.

(2) Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon Trè Konfidansyèl Ou. Anplis, lalwa federal ak lalwa leta egzije pwoteksyon konfidansyalite espesyal pou sèten enfòmasyon ou ki trè konfidansyèl ("Enfòmasyon Trè Konfidansyèl"), avèk tou sou-ansanm PHI ou ki: konsève nan nòt siko-terapi; (2) konsène sèvis sante mantal ak sèvis andikap nan devlopman; (3) konsène prevansyon, tretman ak rekòmandasyon pou konsomasyon alkòl ak abi estipefyan; (4) konsène tès, dyagnostik oswa tretman VIH/SIDA; (5) konsène tès jenetik; (6) konsène abi ak neglijan sou timoun; (7) konsènan abi nan kay sou yon adilt ki andikape; oswa (8) konsène kadejak. Pou nou kapab divilge Enfòmasyon Trè Konfidansyèl ou pou objektif ki diferan ak objektif lalwa otorize, nou dwe jwenn Otorizasyon ou. Si nou fè yon analiz ADN ou epi nou resevwa rezilta yo, ou dwe resevwa yon avi ki endike analiz la te fèt oswa nou te resevwa enfòmasyon yo. Avi a dwe endike, sou demand ou, enfòmasyon yo ap disponib pou doktè ou.

II. Dwa Ou Konsènan Enfòmasyon Medikal Pwoteje

Ou genyen sèten dwa konsènan PHI Lopital la genyen oswa konsève. Seksyon sa a prezante rezime dwa sa yo.

A. Dwa pou Mande pou Genyen Restriksyon sou Fason Lopital la Itilize ak Divilge PHI ou. Ou genyen dwa pou mande pou genyen restriksyon (anplis sa ki dekri nan Avi sa a) sou fason Lopital la itilize ak divilge PHI ou anba Seksyon I.B ak I.C, ki anwo a. Lopital la pa genyen obligasyon pou aksepte demand ou. Si nou dakò, n ap satisfè demand ou sof is itilizasyon ak divilgasyon an nesèsè pou ofri yon tretman pou ijans. Si ou vle mande pou genyen yon restriksyon oswa limit sou fason nou itilize oswa divilge PHI ou, jan dekri nan paragraf sa a, ou dwe prezante demand ou alekri ba Responsab Konfidansyalite Lopital la. Depi nou resevwa demand lan, n ap fè ou konnen alekri si nou dakò oswa si nou pa dakò avèk limit ou mande yo.

B. Dwa pou resevwa Kominikasyon an Sekrè. Ou genyen dwa pou mande pou resevwa kominikasyon PHI ou nan lopital la nan yon sèten fason oswa yon sèten kote. Pa egzanp, ou kapab mande pou Lopital la kominike avèk ou sèlman nan travay ou oswa pa lapòs. Pou fè yon demand pou kominikasyon an sekre, tanpri soumèt demand ou alekri ba Responsab Konfidansyalite Lopital la. Ou pa genyen obligasyon pou ba yon rezon pou demand ou fè a, epitou Lopital la ap satisfè tout demand ki rezonab yo. Tanpri asire ou endike nan demand ou kouman ak ki kote ou vle pou nou kontakte ou.

C. Dwa pou fè Enspeksyon ak pou fè Kopi Enfòmasyon Medikal ou. Ou genyen dwa pou fè enspeksyon ak pou jwenn yon kopi PHI ou. Men kapab genyen sèten limit sou dwa sa a. Sa genyen ladan pifò PHI Lopital la konsève, sof pou nòt siko-terapi ak enfòmasyon Lopital la akimile davans pou pouswit legal. Si ou vle fè enspeksyon ak kopi nan PHI ou, ou dwe soumèt yon demand alekri ba Responsab Konfidansyalite Lopital la. Si ou fè demand yon kopi PHI ou, Lopital la kapab reklame yon frè pou ba ou yon kopi enfòmasyon ou. Lopital la genyen otorizasyon tou pou refize demand ou fè pou enspekte PHI ou nan sèten sikonstans limite. Si nou refize demand ou, ou kapab (nan pifò sikonstans yo) mande pou nou revize refi a, kote Lopital la ap chwazi yon pwofesyonèl medikal ki genyen lisans pou revize demand ou ak refi nou. Answit, Lopital la ap konfòme li avèk desizyon ofisyèl revizyon an.

D. Dwa pou Fè Amanman nan PHI Ou. Ou genyen dwa pou mande pou Lopital la amande PHI ou si ou kwè enfòmasyon sa yo pa kòrèk oswa pa konplè. Ou dwe fè demand ou alekri epi soumèt li ba Responsab Konfidansyalite Lopital la. Demand ou dwe genyen ladan rezon ki fè ou kwè enfòmasyon sa yo pa kòrèk oswa pa konplè. Lopital la kapab refize demand ou fè pou amannman an si li detèmine enfòmasyon ki genyen pwoblèm lan:

- 1) se Lopital la ki te kreye yo, sof si ou bay prèv ki montre yon jistifikasyon rezonab pou kwè moun ki te kreye PHI a pa disponib ankò pou fè amannman an;
- 2) pa nan enfòmasyon medikal Lopital la konsève yo;
- 3) pa nan PHI ou gen dwa pou enspekte a ak pou fè kopi a (jan sa dekri anwo a); oswa
- 4) egzat ak konplè.

E. Dwa pou Mande yon Kontrandi sou Fason Lopital la Itilize ak Divilge PHI ou. Ou genyen dwa pou mande yon "kontrandi,: oswa lis tout divilgasyon Lopital la fè avèk PHI ou ki diferan ak divilgasyon ki (i) dekri nan Seksyon I.A, I.B, oswa I.C Avi sa a; (ii) fè pou sekirite nasyonal oswa pou ransèyman; oswa (iii) fè ba ofisyèl lapolis. Ou dwe soumèt demand ou pou jwenn yon kontrandi alekri ba Responsab Konfidansyalite Lopital la. Nou pa genyen obligasyon pou fè lis divilgasyon ki te fèt anvan 14 avril 2003 oswa ki te fèt depi plis pase sis (6) ane anvan dat demand ou. Lopital la ap reponn tout demand anba paragaf sa a nan swasant (60) jou swa lè li (a) ba ou kontrandi ou mande a, oswa (b) fè ou konnen alekri si Lopital la pa anmezi pou reponn ou nan swasant (60) jou ak epi nan dat ou kapab espere jwenn yon repons. Si ou fè plis pase yon demand anba paragaf sa a nan yon peryòd douz (12) mwa, Lopital la ap reklame \$1.00 pou chak paj pou frè li pou li ba ou enfòmasyon ou mande yo.

F. Dwa pou Jwenn Kopi sou Papye. Ou genyen yon dwa pou resevwa yon kopi sou papye Avi sa a, menm si ou te resevwa yon kopi Avi sa a sou fòm elektwonik, sou demand ou. Si ou vle resevwa Avi sa a sou fòm elektwonik, ou kapab fè sa a nan sit wèb nou, [<http://www.BRCH.com>]. Pou jwenn yon kopi Avi sa a sou papye, tanpri soumèt yon demand alekri ba Boca Raton Community Hospital, Privacy Agent.

III. Aranjman pou Swen Medikal Kontwole

Lopital la, manm kontraktè endepandan Pèsonèl Medikal li (avèk doktè ou tou), ak lòt founisè swen medikal ki afilye avèk Lopital la dakò, jan lalwa pèmèt sa, pou divilge enfòmasyon medikal ou yo youn ba lòt pou tretman ou, peman oswa fonksyonman swen medikal. Sa ap pèmèt nou satisfè bezwen swen medikal ou.

IV. Chanjman nan Avi sa a

Lalwa egzije Lopital la pou konsève konfidansyalite PHI ou epitou pou ba ou Avi sa a pou ou kapab vin konnen obligasyon nou genyen pou pwoteje enfòmasyon sa yo. Pandan tout tan Avi sa a rete anvigè, Lalwa egzije Lopital la pou konfòme li avèk dispozisyon ki nan Avi sa a.

Men, nou genyen dwa pou chanje Avi sa a nenpòt lè epi nan nenpòt mannyè ki akseptab anba lalwa ki anvigè. Nou genyen dwa tou pou fè dispozisyon Avi sa a anvigè pou tout PHI ou nan posesyon Lopital la nan dat nenpòt amannman, epitou pou nenpòt enfòmasyon Lopital resevwa oswa kreye annapre. Si nou chanje kontni Avi sa a, n ap afiche yo kopi Avi revize a touswit yon kote ki aklè ak byen vizib nan Lopital la. Answit, ou kapab toujou mande yon kopi Avi a nenpòt lè, jan sa dekri anwo a.

V. Plent

Ou genyen dwa pou pote plent bab Lopital la oswa ba Sekretè Depatman Sante Piblik si ou kwè yo vyole dwa konfidansyalite ou. Si ou vle pote plent nan Lopital la, tanpri kontakte:

Boca Raton Community Hospital Privacy Officer (Responsab Konfidansyalite Lopital Kominotè Boca Raton)
800 Meadows Road
Boca Raton, FL 33486

Si ou vle pote plent ba Sekretè HHS, adrès la se:

Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil)
200 Independence Avenue, S.W. Sal 509F, Blding HHH
Washington, D.C. 20201